# «VAQF» QORÍNÍŃ QAYÍRQOMLÍQ JÁRDEMI

Ózbekstan musılmanları mákemesi janındaǵı «Vaqf» qayırqomlıq jámiyetlik qorı hám Qaraqalpaqstan musılmanları qazıyatı tárepinen respublikamızda «Ǵamqor bolayıq!» qayırqomlıq akciyası ótkerilmekte.
Usı múnásibet penen Ózbekstan musılmanları mákemesi janındaǵı «Vaqf» qayırqomlıq jámiyetlik qorınıń baslıǵı Yaxyo Abdurahmanov respublikamızda xızmet saparında bolıp, bir qatar qayırqomlıq ilajlarında qatnastı. Atap aytqanda, Nókis qalasındaǵı «Imam iyshan Muhammad» jámáátlik meshitinde bolıp ótken ilajda sociallıq járdemge mútáj, kem támiyinlengen, baǵıwshısın joǵaltqan, jetim-jesir, mayıplıǵı bolǵan shaxsları bar 500 shańaraqqa 62 million 475 mıń sumlıq azıq-awqat ónimleri tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Bunnan keyin ilaj Moynaq rayonında dawam etti. Rayondaǵı «Mádeli» awıl puqaralar jıyını «Shege» awılında jasawshı Azamat Xojabaevtıń turaq jayı órt kelip shıǵıwı nátiyjesinde materiallıq zıyan kórgen edi. Bul shańaraqqa Ózbekstan musılmanları mákemesi janındaǵı «Vaqf» qayırqomlıq jámiyetlik qorı hám Qaraqalpaqstan musılmanları qazıyatı tárepinen 30 million sumlıq qurılıs materialı berildi. Sonday-aq, rayondaǵı járdemge mútáj 100 shańaraqqa azıq-awqat ónimleri tapsırıldı.
-Elimizde hesh bir insan itibardan shette qalmaytuǵınına isendim,-deydi Azamat Xojabaev.-Shańaraǵımız órt bálesinen qıynalıp atırǵan waqıtta járdem bergen Ózbekstan musılmanları mákemesi janındaǵı «Vaqf» qayırqomlıq jámiyetlik qorı hám Qaraqalpaqstan musılmanları qazıyatına minnetdarshılıq bildiremen.

Image not found or type unknown

Haqıyqatında, búgingidey sınawlı kúnlerde bir-birimizge ǵamqor bolsaq, hár qanday qıyınshılıqtı márdana jeńip shıǵamız. Usı kóz-qarastan qaraǵanda, ótkerilgen ilaj dawamında bir qatar shańaraq aǵzaları bunday ǵamqorlıqtan kewilleri quwanıshqa toldı.

«Ǵamqor bolayıq!» qayırqomlıq akciyası búgin Xojeli hám Shımbay rayonlarında dawam etpekte.

D.ABIBULLAEV,
Qaraqalpaqstan xabar agentliginiń sholıwshısı.
M.XABIBULLAEV tıń túsirgen súwretleri